



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-250

Sijè: SÈTIKA TRAVAY

Kategori: ELÈV

Pibliye: 26 janvye 2023

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase CR A-250 ki gen dat 28 janvye 2011.

Chanjman:

- Li retire referans pou "modèl timoun" ak pèmi ki gen rapò avèk li (Seksyon II.C, IV.C, V.E).
- Li fè mizajou nan Seksyon II.C epi li presize aplikasyon pou sètifikasi travay ak/oswa pèmi an dwe konsistan avèk egzijans Eta Nouyòk ki aplikab yo.
- Li mete ajou enstriksyon yo pou nimewote sètifikasi travay (Seksyon II.E).
- Li chanje "upstate" an "zòn ki andeyò Vil Nouyòk" (Seksyon II.G).
- Li mete ajou "Defansè Fanmi Distri oswa Defansè Fanmi Borough" an "Kowòdonatè Sipò pou Fanmi" (Seksyon III ak IV.C).
- Li defini "paran" (Seksyon III, Pati I).
- Li mete ajou dispozisyon "Sètifikasi pou Kondisyon Fizik" (Seksyon III, Pati III).
- Li mete ajou dispozisyon "Entèvyou Planifikasyon" (Seksyon III, Pati VI).
- Li mete ajou pwonon ak referans pou elèv yo nan tout dokiman an.
- Li deplase kèk enfòmasyon ki soti nan kat dokiman siplément yo nan règleman sa a pou mete yo yon pajwèb separe.
- Yon lòt kote li fè mizajou oswa reòganize lwa ki nan règleman sa a pou klarifikasyon ak presizyon.
- Li fè mizajou enfòmasyon kontak pou envestigasyon (Seksyon VII).



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-250

Sijè: SÈTIKA TRAVAY

Kategori: ELÈV

Pibliye: 26 janvye 2023

REZIME

Regleman sa a modifie ak ranplase CR A-250 ki gen dat 28 jen 2011 epi li dekri pwosedi pou yo bay sètifika travay pou elèv Vil Nouyòk. Lwa Eta a egzije pou yo bay elèv ki elijib sètifika travay. Se sèlman manm estaf nan lekòl (leta ak prive) ki la pou sa ki gen otorizasyon legal pou delivre sètifika travay. Yo egzije tout lekòl segondè ak lekòl pre-segondè leta pou delivre sètifika travay pou elèv ki nan lekòl yo ki mande sètifika sa yo. Yo egzije tou tout lekòl segondè leta delivre sètifika travay ba elèv ki nan lekòl prive. Yo egzije tout lekòl leta delivre sètifika travay jiska dènye jou lekòl nan chak ane lekòl. Yo egzije lekòl segondè ak lekòl pre-segondè k ap fonksyone pandan ete pou delivre sètifika travay pandan ete.

I. KONDISYON POU SÈTIKA TRAVAY

- Tout minè ki poko gen 18 lane (ladan elèv kolèj, diplome lekòl segondè, moun ki marye, ak travayè volontè) dwe gen sètifika travay pou yo ka travay (men eksepsyon yo pi ba a). Sepandan, yo pa egzije sètifika travay pou yon minè ki gen 16 lane pou pi piti ki nan yon enstitisyon siperyè yo rekonèt epi k ap travay pou yon kolèj oswa inivèsite ki pa la pou fè pwofi. Yo pa egzije minè ki gen 14 lane oswa pi gran pou gen sètifika travay pou yo travay kòm asistan jwè gòlf (caddies), kòm moun k ap gade timoun (babysitter) oswa pou fè djòb enfòmèl tankou travay lakou ak travay menajè oswa nan yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi, ki pa komèsyal, kote li pa gen pou itilize machin ki gen motè. Minè ki gen 16 lane k ap travay tè pa oblige gen yon sètifika travay. Yo pa egzije sètifika travay apre yon elèv fin gen laj 18 lane.
- Sètifika travay se yon pwosedi legal ki obligatwa dapre Lwa Edikasyon ak Lwa Travay Eta Nouyòk. Estaf lekòl ki gen responsabilite pou bay sètifika travay ap aji onon Chanselye a.

II. PWOSEDI POU SÈTIKA TRAVAY

- Chak direktè oswa reprezantan yon lekòl presegondè oswa lekòl segondè dwe aplike yon orè sèvis sètifika ki pral:
 - Alète popilasyon elèv la sou kote ak lè sèvis pou bay sètifika travay la ap disponib.
 - Ofri sèvis pou bay sètifika travay jiska dènye jou kalandriye ofisyèl lekòl la ak pandan lekòl ete (si yo ouvri pou lekòl ete).
- Elèv minè yo gen dwa pou yo resevwa sètifika travay ki apwopriye. Responsab lekòl yo

pa ka refize bay yon sètifikasi pou travay san rezon legal. Eksepte nan ka yo tabli pi ba a, yon sètifikasi travay ekspire dezan apati dat yo delivre l.

- C. Aplikan pou sètifikasi travay yo dwe aplike pou sètifikasi travay ak/oswa pèmi dapre egzijans Eta Nouyòk ki aplikab yo.
- D. Laj minimòm pou travay anjeneral se 14 lane. Yo gen dwa pa bay sètifikasi pou anplwa jeneral avan laj 14 lane.
- E. Yo dwe nimewote tout sètifikasi travay. Chak kategori sètifikasi ap gen yon seri chif konsekitif apati nimewo ki kòmanse avèk premye tip sètifikasi yo bay la an septanm chak ane lekòl.
- F. Yo dwe konsève dosye sètifikasi travay yo nan yon rejis santral nan lekòl la jiskaske minè a gen 21 lane. Sètifikasi travay yo dwe disponib pou prezante si lalwa egzije sa. Yo dwe mete yo nan katab ki gen dosye final elèv la lè elèv la chanje lekòl.
- G. Lekòl yo ta dwe konseye elèv yo si yo panse pran travay nan zòn eta Nouyòk la ki pa Vil Nouyòk, yo ta dwe gen sètifikasi travay avan yo kite Vil Nouyòk. Ou ka jwenn sètifikasi travay andeyò Vil Nouyòk si dokiman obligatwa yo disponib.
- H. Ou ka jwenn Pèmi pou timoun k ap pèfòme sèlman atravè Depatman travay Eta Nouyòk (New York State Department of Labor), Division of Labor Standards, Pwogram sètifikasi ak pèmi. Ou ka jwenn enfòmasyon nan sit wèb depatman travay la nan www.labor.ny.gov.
- I. Lwa eta a reglemante lè travay yo otorize pou minè ki pokonha gen laj 18 ane. Yo ka ogmante kantite lè yo dapre kèk kondisyon pandan ane lekòl la lè lekòl ouvri, epi fonksyonè ki bay sètifikasi nan lekòl elèv la ye a dwe apwouye. Gade <https://www.schools.nyc.gov/get-involved/students/working-papers>.

III. JAN POU JWENN YON SÈTIKA TRAVAY

Pou jwenn yon sètifikasi travay, elèv la dwe voye yon fòm Aplikasyon pou Sètifikasi travay yon fòm "Aplikasyon pou sètifikasi travay (Application for Employment Certificate form, AT-17, ki disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/rules-for-students/working-papers>) pou bay fonksyonè k ap delivre l la.

Ou ka jwenn Fòm "*Application for Employment Certificate*" ak tout tip sètifikasi travay ak pèmi nan lekòl segondè, lekòl presegondè oswa lekòl entèmedyè leta elèv la ye a. Lè yo fèmen lekòl leta yo, ou ka jwenn sètifikasi travay yo nan men Kowòdonatè sipò pou fanmi.

Aplikasyon pou Sètifikasi Travay la (Fòm AT-17) gen sis pati sa yo :

1ye Pati – Konsantman Paran

Se aplik an ak paran an ki ranpli l. Tèm "paran" an, kèlkeswa lè yo itilize l nan règleman sa a vle di paran elèv la oswa responsab li, oswa tout moun ki jwe wòl paran oswa k ap pran swen elèv oswa elèv la li menm, si elèv la se yon minè emansipe oswa si li gen laj 18 lane. Paran an dwe siyen aplikasyon an.

Pou travay atanpasyèl ak tout lòt sètifikasi travay, paran dwe siyen aplikasyon an, men li pa bezwen vini anpèsòn.

2yèm Pati – Dokiman pou pwouve laj

Yo ka aksepte dokiman orijinal sa yo pou pwouve laj si dat nesans minè a sou dokiman an : batistè (ki gen so ofisyèl biwo ki bay li a), sètifika batèm sètifye, paspò (aktyèl oswa ki deja ekspire), papye sitwayènte, pèmi kondui oswa tout lòt dokiman ki ka pwouve laj ki nan dosye lekòl depi dezan oswa plis.

3yèm Pati – Sètifika pou bon kondisyon fizik

Aplikan an dwe prezante yon nòt medikal ki soti lakay yon founisè swen sante k ap endike aplikan an bòn sante pou l travay. Si gen restriksyon nan biyè doktè a, fonksyonè ki delivre sètifika a ap bay aplikan an yon "Sètifika travay limite (*Limited Employment Certificate*) epi l ap presize kalite travay, patwon ak dat ekspirasyon sou sètifika a dirèkteman.

4yèm Pati – Pwomès travay

Anplwayè evantyèl la dwe ranpli seksyon sa a sèlman nan kondisyon sa yo : aplikan k ap chèche travay la gen 16 oswa 17 lane, epi li poko diplome lekòl segondè; oswa si yo bay aplikan an yon "Sètifika travay limite (*Limited Employment Certificate*)".

5yèm Pati – Dosye lekòl

Se lekòl elèv la ki dwe ranpli seksyon sa a si elèv la kite lekòl ak si li gen plis pase 16 lane epi si l gen yon sètifika travay atan plen.

6yèm Pati – Sètifika travay

Pati aplikasyon sa a gen ladan enfòmasyon enpòtan konsènan livrezon sètifika travay la. Gen nan sètifika travay la nimewo ofisyèl sètifika yo delivre a, dat yo bay li, biwo ak adrès biwo ki delivre sètifika a, ak siyati fonksyonè ki delivre l.

- A. Yon aplikan pou yon sètifika atan plen ki gen 16 oswa 17 lane epi ki vle kite lekòl avan li diplome dwe gen konsantman paran l epi patisipe nan yon entèvyou pou planifikasyon(*Planning Interview*). Se yon konseye pedagojik, yon asistan direktè, yon direktè oswa yon lòt reprezantan direktè a k ap i fè entèvyou planifikasyon an. Objektif *Planning Interview* a se ranfòse enpòtans yon diplòm lekòl segondè, diskite posiblite pou rete lekòl ak pou bay enfòmasyon sou pwogram edikasyon altènativ ak dwa elèv la genyen pou ale lekòl jiska laj 21 lane.
- B. Si yon minè ap travay ak plis pase yon patwon atan pasyèl nan moman an, chak patwon dwe kenbe yon sètifika travay orijinal nan dosye pandan peryòd anplwa minè a. Yo dwe prezante yon aplikasyon (Form AT-17), ki gen 2yèm pati a (Konsantman paran) ranpli ak siyen ba biwo k ap delivre sètifika a pou chak sètifika travay yo delivre anplis.
- C. Yo ka ranplase yon sètifika travay ki pèdi oswa chire lè elèv la prezante yon lòt aplikasyon(AT-17). Se sèlman 1ye Pati dezyèm aplikasyon an (konsantman paran) ki bezwen ranpli si gen premye sètifika orijinal yo (aplikasyon yo te ranpli avan ak sètifika bon kondisyon fizik nan ane a) nan dosye biwo k ap delivre sètifika pou ranplase premye a.

IV. LOKAL KI BAY SÈTIKI

Tout lekòl segondè ak lekòl presegondè leta dwe delivre sètifikasi travay ba elèv ki nan lekòl sa yo, si yo mande l. Tout lekòl segondè leta dwe delivre sètifikasi travay ba elèv ki nan lekòl prive si yo mande sa.

- A. Lekòl leta - Estaf lekòl yo ki la pou ka delivre sètifikasi travay ba :
 - 1. Tout elèv ki gen laj 14 riive 17 lane ki sou lis yo.
 - 2. Tout ansyen elèv ki gen laj 16 rive 17 lane ke yo te ranvwaye nan yon lekòl segondè nan entèval yon lane anvan dat aktyèl la, epi ke yo pa admèt nan yon lòt lekòl leta Vil Nouyòk.
 - 3. Tout elèv ki gen 11 rive 17 lane ki fè demann pèmi pou delivre jounal.
 - 4. Yo egzije tout lekòl segondè pou delivre sètifikasi travay ba elèv lekòl prive ki nan lekòl ki pa delivre sètifikasi travay. Elèv ki nan lekòl prive dwe prezante dokiman pou pwouve nan lekòl yo ye kounye a.
- B. Lekòl prive - Estaf yo deziyen nan lekòl prive ak lekòl pawasyal ki gen otorizasyon, ka delivre sètifikasi travay, epi yo ankouraje yo pou fè sa pou akomode elèv yo. Yo otorize lekòl prive yo delivre sètifikasi travay lè elèv yo fin suiv avèk siksè trening Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (*New York City Department of Education, NYCDOE*). Yo fè trening yo lè yo mande sa. Lekòl prive yo ka delivre sètifikasi travay ja sa yo :
 - 1. Tout elèv ki gen laj 14 riive 17 lane ki sou lis yo.
 - 2. Ba tout elèv ki gen 11 rive 17 lane ki sou lis yo, epi ki mande pèmi pou delivre jounal.
- C. Kowòdonatè sipò pou fanmi yo disponib pou delivre tout tip sètifikasi travay ak pèmi ba:
 - 1. Elèv ki bezwen sètifikasi travay atan pasyèl lè lekòl fèmen.
 - 2. Minè ki pokò gen 18 lane ki mande pèmi travay espesyal (timoun ki pou delivre jounal, timoun ki pou fè machann nan lari ak timoun ki pou travay nan fèm.)
 - 3. Elèv lekòl prive ki pokò gen 18 lane, si lekòl la pa delivre sètifikasi.
 - 4. Minè nan yon lòt Eta ki pokò gen 18 lane.

V. TIP SÈTIKI AK PÈMI TRAVAY

- A. Sètifikasi travay atan plen - Yo delivre l ba yon minè ki gen 16 oswa 17 lane ki gen yon "pwomès pou travay" travay atan plen, ki deklare entansyon l pou kite lekòl epi ki fè yon entèvyou pou kite lekòl oswa ki diplome nan lekòl segondè.
- B. Sètifikasi Travay jeneral pou elèv - Yo delivre l ba yon minè ki gen 16 oswa 17 lane ki nan yon lekòl lajounen men ki vle travay apre lè lekòl, pandan peryòd vakans, oswa pou toulede anmenm tan.
- C. Sètifikasi travay ki pa travay faktory pou elèv - Yo delivre l ba yon minè ki gen 14 oswa 15 lane ki nan yon lekòl lajounen men ki vle travay apre lè lekòl, pandan peryòd vakans, oswa pou toulede anmenm tan.
- D. Sètifikasi travay limite- Delivre ba yon minè 14 jiska 17 lane doktè entèdi fè kèk travay, dapre tip patikilye sètifikasi li endike (Aplen tan, sètifikasi travay jeneral oswa sètifikasi travay *non-factory*). Yon sètifikasi travay limite valab pou yon peryòd sis mwa. Sepandan, si doktè ki fè egzamen an endike nan sètifikasi kondisyon fizik limite a ke andikap fizik minè a pèmanan, sètifikasi a pa p ekspire nan fen sisyèm mwa a, men li ta dwe rete valid toutotan se menm kalite travay ak travay yo presize nan pwomès travay la.

- E. Pèmi pou komès lari - Yo delivre l ba yon minè ki gen laj 14 rive 17 lane pou angaje nan travay vann jounal oswa magazin (ke yo achte nan men founisè) nan lari oswa nan lòt plas piblik. Yo bay yon minè 14 lane ki gen travay pèsonèl li pou fè travay chanj nan lari oswa nan lòt kote piblik (Fòm AT-22).
- F. Pèmi travay nan fèm – Espesyal - Yo delivre l ba yon minè ki gen plis pase 12 lane pou angaje nan travay rekòt berries, fwi ak legim alamen (Form AT-25).
- G. Pèmi travay nan fèm - Yo delivre l ba yon minè ki gen 14 oswa 15 lane pou angaje nan travay nan fèm (Form AT-22).
- H. Pèmi pou moun k ap delivre jounal - yo bay yo pou minè (ki anplwaye ak yon salè regilye) jiska laj 17 lane pou bay jounal oswa lòt materyèl enprime ba kliyan lakay yo oswa nan biznis. Yo pa egzije yon sètifika pou bon kondisyon fizik pou yo delivre jounal si aplikan an gen dokiman ki di li kalifye.

VI. ANILASYON

Yo ka anile yon sètifika oswa yon pèmi travay si tout fonksyonè lekòl la detèmine travay la afekte prezans, pwogrè nan lekòl, sante ak byennèt yo egzije pou elèv la nan lekòl la. Yo ka anile sètifika oswa pèmi travay yo tou si fonksyonè lekòl la vin wè livrezon sètifika a oswa pèmi a te baze sou enfòmasyon ki fo. Nan ka sa yo, fonksyonè lekòl la dwe bay yon preavi avan yo anile sètifika oswa pèmi a.

VII. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Biwo sekirite ak fòmasyon jèn (Office of Safety and Youth Development)

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYC Department of Education)

52 Chambers Street – Room 218

New York, NY 10007

Telephone: 212-374-5565

Faks: 212-374-5751